

**ANN  
PALE  
DE OU**

**Sèvis Patenarya**

Si yo te di w ke w gen yon enfeksyon moun trape nan fè sèks (IST) ak/oswa Viris Iminodefisyan Imen (VIH), pwofesyonèl swen sante w la ak yon moun ki nan Pwogram Sèvis Patenarya Depatman Sante (New York Department of Health, NYSDOH) Eta New York la pral pale avèk ou osijè transmasyon ak prevansyon maladi a. Yo pral poze w kesyon sou patenè seksyèl ou yo, sou kiyès ki ta ka ekspoze w ak enfeksyon an. Si w konn pran dwòg, y ap poze w kesyon sou pratik pataje sereng ou yo ak patenè w yo san yo pa jije w oswa blame w.

## **Kisa Sèvis Patenarya (Partner Services, PS) ye?**

Sèvis Patenarya se yon pwogram NYSDOH ki gratis, konfidansyèl e volontè ki ede konekte moun ansanm ak patenè yo ki dyagnostike ak IST ak/oswa VIH, pou egzamen, tretman, swen medikal, entèvansyon prevansyon, ak/oswa lòt sèvis sipò ki apwopriye pou amelyore rezilta sante yo epi redui ris pou yo transmèt li pi devan. Pèsonèl Sèvis Patenarya a travay ansanm ak moun ki gen sifilis, gonore, klamidya, mpox (ke yo te rele anvan sa, varyòl senj), VIH, ak oswa Sendwòm Iminodefisyan Aki (SIDA). Pèsonèl Sèvis Patenarya a kapab ofri sipò, kowòdone referans pou depistaj ak tretman maladi a lakay pasyan/patenè a, epi bay enfòmasyon sou kijan pou w pwoteje tèt ou ak patenè seksyèl ou ak/oswa patenè ke w pataje sereng ak yo a pou yo pa vin enfekte.

## **Poukisa mwen ta dwe Patisipe?**

Lè w dekouvri ke w gen IST ak/oswa VIH li kapab difisil pou ou. Gen kèk moun ki ka fache, pè, anbarase oswa wont. Deside kijan pou w di patenè w yo sa, se yon lòt pwoblèm ke w gen pou w jere, li kapab difisil tou. Gen kèlke moun yo menm ki konfòtab pou yo pale sou lavi seksyèl yo oswa konsomasyon dwòg yo. Toutfw, lè w gen IST ak/oswa VIH, pale ak Sèvis Patenarya se yon bagay ki enpòtan anpil paske yo kapab ede w avèti patenè w yo nan yon fason ki diskre, prive e konfidansyèl. Lè yon moun konnen ke li te ekspoze ak yon enfeksyon e li fè tès depistaj ak tretman pou sa, sa ede redui pwopagasyon maladi a e fè pwomosyon sante nan kominote a.

## **Ou ta dwe mande tèt ou, “Poukisa sa ta dwe preyokipe m?”**

- Anplis posibilite ke w vin enfekte ankò a, lòt moun ki fè sèks ak patenè w yo, oswa ki pataje ekipman enjeksyon sereng/dwòg ansanm ak yo, kapab vin enfekte yo menm tou. Si patenè w la pa trete, maladi a kapab pase al jwenn lòt moun, e li ka menm pase nan yon manman pou li ale jwenn pitit li pandan gwosès oswa pandan akouchman.
- Gen kèk IST ki pa gen okenn sentòm men yo ka lakoz gwo domaj alontèm sou sante si yo pa trete yo. Sentòm VIH yo gendwa pa deklare pandan plizyè lane. Dyagnostike ak trete IST ak/oswa VIH byen bonè kapab vle di yon lavi pi an sante ak pi long.
- Apre premye sezisman an, plizyè moun ke Sèvis Patenarya te kontakte te kontan ke yo te mete yo okouran ke yo te ekspoze ak yon enfeksyon. Yo anmezi pou yo fè tès depistaj, resevwa tretman ak lòt sèvis, ak pran swen tèt yo pandan y ap fè prevansyon pou enfeksyon an pa pwopaje bay lòt moun nan kominote a.
- Si w gen yon IST ak/oswa VIH, ou ka pale ak Sèvis Patenarya kounya e ou ka kontakte yo alavni si w gen nouvo patenè ki oblije okouran sou posib ekspozisyon yo fas ak maladi yo.

**“Mwen te vrèman choke e kontrarye lè depatman sante a te vini devan pòt mwen men mwen te konbat santiman jennen ke m t genyen an e mwen te fès tès depistaj la. Mwen p ap janm konn kiyès ki te bay non m men mwen te kontan moun nan te fè sa.”**

# Tip Asistans Sèvis Patenarya bay yo:

## • Notifikasyon yon Tyès Pati ki Anonim

Yon moun ki nan depatman sante a avèti patenè w yo ke yo ekspoze fas ak yon IST/VIH gras ak enfòmasyon ou bay yo. Pèsonèl Sèvis Patenarya a kapab fè Notifikasyon Tyès Pati (Third-Party Notification) a tou sou entènèt la e/oswa apati aplikasyon medya sosyal yo. Yo pa janm bay patenè w yo non w ak idantite w. Y ap sèlman konnen ke yo te ekspoze ak yon IST ak/oswa VIH, e y ap jwenn opsyon pou yo fè depistaj ak suiv tretman akòz ekspoziyon yo fas ak maladi a.

## • Doub Divilgasyon

Ou avèti patenè w la gras ak èd pèsonèl Sèvis Patenarya a. Sèvis Patnarya pral akonpanye w pandan tout pwosesis la e li kapab reponn kesyon patenè w yo genyen yo. Metòd sa a ka vrèman efikas etandone ou gendwa pa gen tout done oswa enfòmasyon sou ekspoziyon an pou w oryante patenè w la sou opsyon depistaj ak tretman yo.

## • Divilgasyon Volontè

Ou avèti patenè w yo e ou ankouraje yo pou yo ale fè tès depistaj ak pou yo benefisye sèvis tretman yo. Sèvis Patenarya pral ede w planifye epi pratike sou kisa ou pral di yo. Kèk moun prefere metòd sa a, men yo pa pwoteje idantite w. Ou ka gen pou w afwonte reyaksyon negatif nan men patenè ke ou avèti pèsonèlman yo. Menm si w gen bon lentansyon pou w avèti yo pèsonèlman, gen bagay ki ka rive; moman an ka pa pwopis; ou gendwa pa wè patenè sa ankò; oswa lè w ap fè sa, ou gendwa jis pa jwenn mo ki apwopriye yo. Si w pa anmezi pou avèti yo pèsonèlman, ou menm ak Sèvis Patenarya kapab regade plan an e yo ka kontakte patenè yo pou ou.

**“Mwen te vle di l sa... men sa te rann mwen twò entimide e sa te fè m pa ka fè sa.”**

# Nou tout gen yon wòl pou n jwe nan eradike IST/VIH.

Sèvis Patenarya kapab ede w. Kontakte Pwogram Sèvis Patenarya Depatman Sante Eta New York (New York State Health Department Partner Services Program) la:

Rejyon Long Island	1-800-462-6786
Rejyon New Rochelle	1-800-828-0064
Rejyon Capital District	1-800-962-5065
Rejyon Central New York	1-800-562-9423
Rejyon Rochester	1-800-962-5063
Rejyon Buffalo	1-800-962-5064

Ou kapab jwenn nimewo telefòn depatman sante yo ak plis enfòmasyon nan [health.ny.gov/partnerservices](https://health.ny.gov/partnerservices).



Department  
of Health